



Dokiman sa a gen yon rezime rekòmandasyon preliminè manm Komisyon Revizyon Konstitisyon 2024 la (Komisyon an). Apre yon revizyon Konstitisyon Vil New York la an antye, diskisyon ak Komisè yo, opinyon piblik, temwayaj ekspè, rechèch, ak envestigasyon, nan rapò sa a, manm yo rekòmande sèten lide ak pwopozisyon pou konsiderasyon Komisè a ak revizyon piblik la.

Entansyon dèyè rekòmandasyon sa yo se pou enfòme Komisè yo nan travay yo. Se pa dènye rekòmandasyon Komisyon an ni yo pa reprezante yon angajman pou Komisè yo.

## Kontèks

Konstitisyon Vil New York la se lwa lokal ki gouvène Vil la epi defini estrikti, pouvwa ak responsablite gouvènman Vil New York la. Konstitisyon an etabli enstitisyon ak pwoesisis sistèm politik Vil la epi defini an jeneral otorite ak responsablite ajans minisipal ak ofisyèl eli yo, tankou Majistra a, Konsèy Minisipal la, Kontwolè a, Prezidan Awondisman yo ansanm ak Defansè Pèp la.

Jou 21 me 2024 la, Majistra Eric Adams te kreye Komisyon Revizyon Konstitisyon 2024 la epi li te nonmen Carlo Scissura kòm prezidan, ansanm ak 12 lòt lidè nan kominate a pou sèvi nan Komisyon an. Majistra a te bay Komisyon an responsablite pou 1 revize tout Konstitisyon an nèt pou li ka asire li ke 1 ap mache avèk efikasite epi li satisfè atant tout Nouyòkè yo. Majistra a te mande Komisyon an tou pou 1 egzamine, an patikilye, si yo ka amande Konstitisyon pou ankouraje sekirite piblik ak responsablite fiskal.

## Sansibilizasyon ak Patisipasyon Piblik

Depi kreyasyon li, Komisyon an te mete sou pye yon gwo kanpay sansibilizasyon pou pran lide nan men divès kominote ak pati enterese ki fòme Vil New York la. Jiska prezan, efò sa yo te gen ladan:

- Transmisyon an dirèk tout seyans ak reyinyon Komisyon an;
- Pibliye avi pou seyans, nòt pou laprès, pwosèvèbal, rezolisyon, vidéyo achiv, ak lòt materyèl sou sitwèb Komisyon an: [www.nyc.gov/charter](http://www.nyc.gov/charter);
- Organize seyans piblik yo nan lokal ki aksesib nan chak awondisman, lajounen ak aswè, pou yo ka ofri piblik la plizyè opòtinite pou adrese Komisyon an an pèsòn;
- Pèmèt temwayaj piblik vityèl pandan tout seyans piblik yo pou pèmèt Nouyòkè yo fè tande vwa yo nan yon fason ki pi byen adapte a orè yo;
- Sèvis tradiksyon nan tout seyans ak reyinyon piblik yo;
- Entèvyou nan televizyon, atik opinyon nan jounal kominotè, ak diskisyon etnik ak kominotè bò tab ak Prezidan an pou ogmante sensibilizasyon sou seyans piblik yo;
- Travay avèk ofisyèl eli ak òganizasyon kominotè yo pou gaye nouvèl seyans Komisyon yo; epi
- Akseptasyon temwayaj ekri jiska 12 jiyè nan [charterinfo@citycharter.nyc.gov](mailto:charterinfo@citycharter.nyc.gov).

## Seyans Awondisman K Ap Vini Yo

Apre piblikasyon rapò sa a, Komisyon an pral antreprann plis efò pou pran opinyon piblik la. Kaladriye seyans piblik ki gen pou fè yo disponib nan [nyc.gov/charter](http://nyc.gov/charter). Seyans piblik ki deja pwograme yo se:

<b>Lendi 24 jen 2024, de 5: 00 pm a 8: 00 pm</b>  Curtis High School 105 Hamilton Avenue Staten Island, NY 10301	<b>Mèkredi 26 jen 2024, de 5: 00 pm a 8: 00 pm</b>  Depatman Konsepsyon ak Konstriksyon Vil New York 30-30 Thomson Ave Queens, NY 11101
<b>Jedi 27 jen 2024, de 5:00 pm a 8: 00 pm</b>  Medgar Evers College 1650 Bedford Avenue Brooklyn, NY 11225	<b>Lendi 8 jiyè 2024, de 5: 00 pm a 8: 00 pm</b>  Sant Schomburg Pou Rechèch Nan Kilti Moun Nwa 515 Malcolm X Boulevard (at 135 <sup>th</sup> Street) New York, NY 10037
<b>Madì 9 jiyè 2024, de 5: 00 pm a 8: 00 pm</b>  Staten Island University Hospital North 475 Seaview Avenue Staten Island, NY 10305	<b>Jedi 11 jiyè 2024, de 5: 00 pm a 8: 00 pm</b>  Fordham University 441 East Fordham Road Bronx, NY 10458

## RESPONSABLITE FISKAL

Konstitisyon an egzije pou Majistra a pwopoze, epi Konsèy Minisipal la adopte, yon bidjè ekilibre chak ane.<sup>1</sup> Bidjè a, ki rasanble priyorite bidjè komen Konsèy la ak Majistra a, gen de objektif prensipal. Premyèman, li bay yon estrikti konplè ak previzib sou depans ak revni Vil la pandan ane fiskal la. Dezyèmman, li ankouraje bon jesyon bidjetè.

Malgre revize ak apwouve bidjè Vil la se sans dout aksyon lejislatif ki pi enpòtan Konsèy la pran chak ane, nivo lejislatif li depase pwosesis bidjè anyèl la. Konsèy la gen pouvwa, ak vòt majorite, pou 1 pase pwopozisyon leislasyon sou plizyè pwoblèm diferan, epi li egzèse pouvwa sa a souvan nan leislasyon ki afekte operasyon minisipal yo, tankou sèvis ak benefis Vil la.

---

<sup>1</sup> Orè ki nan Konstitisyon an reflete yon atant ke bidjè a ap adopte anvan kòmansman pwochèn ane fiskal la, oswa 1<sup>ye</sup> jiyè. Konstitisyon N.Y.C. §§ 225, 226.

Lejislasyon Konsèy Minisipal la souvan afekte bidjè Vil la. Etandone reyalite sa a, Konstitisyon an egzije pou Konsèy la oswa yon komite nan Konsèy la pa vote sou okenn lwa lokal sof si li gen yon Deklarasyon Enpak Fiskal ki akonpaye li.<sup>2</sup> Deklarasyon sa yo ke Divizyon Finans Konsèy Minisipal la prepare an konfòmite ak Règ Konsèy la, detaye estimasyon Konsèy Minisipal la sou enpak fiskal yon lwa sou revni ak depans Vil la.<sup>3</sup>

Anjeneral, Konsèy la pa bay Deklarasyon Enpak Fiskal toutotan on lejislasyon pwopoze pa nan wout pou li pase.<sup>4</sup> Sa vle di ke anpil nan deba piblik la sou yon lwa – tankou seyans piblik Konsèy la sou pwojè lwa ki pwopoze a – fèt nan absans Deklarasyon Enpak Fiskal la.<sup>5</sup> Anplis de sa, deklarasyon sa yo ka souzestime depans reyèl yo.

Kidonk, alòske bidjè anyèl la destine pou li finanse operasyon Vil la pandan ane fiskal la, lwa ki pase andeyò pwosesis bidjè a gen enpak kan menm sou itilizasyon revni taks ak depans gouvènmantal yo. Lè yon lwa ki gen yon enpak

---

<sup>2</sup> *Id.* at § 33.

<sup>3</sup> Règ 6.50 Konsèy New York (ki bay pwovizyon pou revizyon Divizyon Finans Konsèy la).

<sup>4</sup> Se yon bagay ki komen pou Deklarasyon Enpak Fiskal la fòmile nan semèn anvan adopsyon yon pwopozisyon lejislativ, men pa anvan. Sa a se sitou paske tèks final la lejislasyon an fin finalize anjeneral yon semèn anvan Reyinyon Deklare Konplè Konsèy la, kote Konsèy la okonplè gen entansyon pase lejislasyon an - akòz egzijans pou yon pwojè lwa sou fòm final li omwen 7 jou (dimanch pa ladan) anvan vòt Konsèy la okonplè . Kidonk, se anjeneral sèlman pandan semèn almanak anvan Reyinyon Deklare Konsèy Minisipal la pwogramea yo prezante depans enpòtan yo pou Konsèy la ka vote sou lejislasyon ki pwopoze a. N.Y.C. Charter § 36.

<sup>5</sup> Pa egzanp, premye odyans Komite Konsèy la pou pwojè lwa ki te vin Lwa Lokal Nimewo 196 2017 la te fèt 31 janvye 2017, men nòt fiskal pou pwojè lwa a pa t pibliye anvan 20 septanm 2017, menm jou ak dezyèm epi dènye seyans piblik Komite sou lejislasyon an, yon semèn anvan lwa a pase 27 septanm 2021.

fiskal pase, se wòl ajans yo ansanm ak Kabinè Jesyon ak Bidjè pou detèmine kijan pou finanse nouvo obligasyon ki pa t antre an kondiderasyon lè ane fiskal la te kòmanse.

## Planifikasyon Kapital

Planifikasyon kapital pèmèt New York City itilize estrateji pou devlope envestisman nan enfrastrikti kritik.

Kontwolè Brad Lander te prezante yon temwayaj ki rekòmande plizyè inisyativ konsènan jesyon finans Vil New York.<sup>6</sup> Yon pwopozisyon gen rapò ak modènizasyon apwòch Vil la nan evalyasyon enfrastrikti, planifikasyon kapital ak bidjè.<sup>7</sup> Kontwolè a rekòmande pou mansyone klèman lyen ki genyen ant evalyasyon enfrastrikti ak Estrateji Envestisman sou Dizan an epi idantifye kèk konsiderasyon ki ta dwe antre an konsiderasyon nan Estrateji Envestisman sou Dizan an.<sup>8</sup>

Planifikasyon Kapital se yon priyorite pou Majistra Adams depi kòmansman administrasyon li a. An novanm 2023, Majistra a ak Kontwolè a te pibliye premye zouti konplè pou swivi pwojè envestisman Vil la, ki pèmèt itilizatè yo wè estati ak bidjè tout pwojè kapital yo nan men gwo ajans yo.<sup>9</sup> Majistra a te pibliye pi gwo Plan

---

<sup>6</sup> Biwo Kontwolè Vil New York la Brad Lander, “Kontwolè Lander Pwopoze Revizyon Konstitisyon pou Jere Finans Vil New York yo Pi Byen,” *New York City Kontwolè Brad Lander*, 7 jen 2024, <https://comptroller.nyc.gov/newsroom/comptroller-lander-proposes-charter-revisions-to-better-manage-new-york-citys-finances/>.

<sup>7</sup> *Id.*

<sup>8</sup> *Id.*

<sup>9</sup> Kabinè Majistra a, “Majistra Adams, Kontwolè Lander Pote Transparans ak Responsablite nan Pwosesis Envestisman ak premye Zouti Konplè Swivi Pwojè Envestisman Vil la.,” *Sitwèb Ofisyèl Vil New York la*, 1 Novanm 2023, <https://www.nyc.gov/office-of-the-mayor/news/837-23/mayor-adams-comptroller-lander-bring-transparency-accountability-capital-process-with>.

Kapital sou Disan ki te janm genyen, yon plan ki bay priorite transpò, lojman, pwoteksyon anviwònman, ak lekòl yo.<sup>10</sup>

## Efikasite Bidjè

Kabinè Jesyon ak Bidjè Majistra a te sigjere ke kèk koreksyon teknik nan Konstitisyon an ta ka ankouraje efikasite epi asire ke pwosesis Konstitisyon an egzije yo reflete reyalite modèn yo.

### **Rekòmandasyon Manm yo**

Manm yo rekòmande pou Komisyón an bay plis konsiderasyon epi plis mande fidbak sou mezi pou:

- (1) Amelyore evalyasyon enpak finansye lejislasyon an sou bidjè a tankou mande yon evalyasyon enpak fiskal yo pi bonè nan pwosesis lejislatif la epi enplike lòt pati nan pwosesis evalyasyon an;
- (2) Amonize pwosesis bidjè Konstitisyon an ak pouvwa Konsèy la pou 1 pase lejislasyon ki gen enpak sou bidjè andeyò pwosesis afektasyon anyèl la;
- (3) Mete dispozisyon yo ajou ki konsène envantè plan kapital la ak estimasyon antretyen, ki gen ladan 1 ajoute yon deklarasyon eksplisit sou objektif ki lye evalyasyon enfrastrikti ak Estrateji Kapital sou Dizan an, modifye envantè a pou reflete plis detay enpòtan, epi ajoute kritè pou idantifikasyon bezwen an kapital yo ka antre nan Estrateji Kapital sou Dizan an; epi
- (4) Modènize delè ak kondisyon teknik ki konekte yo pou ankouraje efikasite nan pwosesis bidjetè a.

---

<sup>10</sup> Samar Khurshid, “Pwomèt Pwojè pi Rapid epi Mwen Chè, Administrasyon Adams Pouswiv Refòm nan Kapital Konstriksyon,” *Gotham Gazette*, 14 fevriye 2024, <https://www.gothamgazette.com/city/11807-nyc-capital-construction-reforms-mayor-adams>.

## SEKIRITE PIBLIK

Youn nan obligasyon ki pi fondamantal nan gouvènman an se pwotekson sekirite piblik. Istwa Vil New York la souliye ke fòtin Vil la antanke yon antite entimman lye san okenn diskisyon ak kapasite li pou pwoteje piblik la epi kenbe konfyans piblik la nan fòs lòd yo. Jodi a, apre plizyè dizèn ane pwogrè, Vil New York se youn nan grand vil ki gen plis sekirite nan Amerik la. Poutan, Nouyòkè yo kontinye idantifye krim ak sekirite piblik kòm pwoblèm prensipal yo.<sup>11</sup>

Konsèy Minisipal la, kòm yon kò lejislatif Vil la, jwe yon wòl enpòtan tou nan sekirite piblik. Wòl Konsèy la nan pwosesis bidjetè a ede detèmine resous ki disponib pou ajans sekirite piblik Vil la.<sup>12</sup> Konsèy la souvan pase lejislasyon ki gen rapò ak ajans ki responsab sekirite piblik yo tou, oswa ki ka endirèkteman ankouraje oswa andomaje pa aksidan sekirite piblik.<sup>13</sup>

Komisyon an te tandem temwayaj konsiderab ki eksprime enkyetid sou Konsèy la k ap pase lejislasyon ki gen rapò ak sekirite piblik pandan ke opòtinite pou

---

<sup>11</sup> *Gade, pa egzanp*, Rebecca C. Lewis, " Siena Sondaj: New Yorkers yo toujou enkyè nan sa ki gen awèk krim," Vil & Eta New York, 12 jiyè 2023, <https://www.cityandstateny.com/politics/2023/07/siena-poll-new-yorkers-are-still-worried-about-crime/388402/> (note ke New Yorkers toujou eksprime enkyetid sou krim ak sekirite piblik nan sondaj piblik yo).

<sup>12</sup> *Gade, pa egzanp*, Konstitisyon NYC §§ 247, 253 (ki egzije Konsèy Minisipal la pou fè odyans epi fè rekòmandasyon ki gen rapò ak bidjè a).

<sup>13</sup> *Gade, pa egzanp*, Lwa lokal No. 23 nan 2024 (egzije NYPD pataje image kamera sou kò polisye yo ak DOI nan lespas 10 jou apre demann DOI a); Lwa Lokal No. 20 nan 2024 (egzije NYPD rapò lè yon moun refize bay konsantman pou fouy); Lwa Lokal No. 25 nan 2024 (egzije NYPD divilge donasyon 1 milyon dola oswa plis); Lwa Lokal No. 26 nan 2024 (egzije NYPD rapòte jistifikasyon yo pou yon arè machin).

patisipasyon piblik oswa konsiltasyon ekspè, ajans ki afekte yo ak moun ki gen enterè kle yo limite.

### **Rekòmandasyon Manm yo**

Manm yo rekòmande pou Komisyón an bay plis konsiderasyon epi plis mande fidbak sou mezi pou:

- (1) Amelyore pwoesisis deliberasyon pou lejislasyon ki gen rapò ak sekirite piblik pandan y ap prezève kapasite Vil la pou pran aksyon rapid lè sa nesesè;
- (2) Ranfòse opòtinite pou kontribisyón piblik, ajans ak moun ki gen enterè kritik yo sou lejislasyon ki gen rapò ak sekirite piblik; epi
- (3) Revize Konstitisyon an pou ankouraje sekirite piblik.

## **REKÒMANDASYON POU REFÒM GOUVÈNMAN AN**

Manm yo rekòmande pou Komisyón an mande epi konsidere plis fidbak konsènan:

1. Analyze mezi pou amelyore sèvis MWBE yo resevwa yo epi ankouraje itilizasyon yo, tankou etidye kreyasyon yon nouvo ajans ki dedye a objektif sa a.
2. Bay anplwaye Kabinè Medya ak Divètisman Majistra a otorite pou bay pèmi pou filme gras a on revizyon Seksyon 1072 Konstitisyon an pou bay Depatman Teknoloji Enfòmasyon ak Telekomunikasyon (ki abrite Kabinè Medya ak Divètisman Majistra a) menm pouvwa ak otorite yo pou pèmi pou filme fim ak seri, jan Depatman Sèvis Tì Biznis yo aktyelman resevwa anba seksyon 1301;
3. Anilasyon Seksyon 1122 epi ranplase Ad. Dispozisyon Kòd ki egzije bon garanti pou ofisyèl eli yo;

4. Revizyon Seksyon 643 ak 1301 Konstitisyon an pou deplase pwosesis otorizasyon bòdmè a pou konstriksyon ak amenajman tout estrikti ki sou pwopriyete sou bòdmè a, tankou estrikti maritim yo, nan DOB;
5. Eksplore mizajou nan Chapit 31 Konstitisyon an pou klarifye ak elaji responsabilite DSNY pou fasilite lari, twotwa ak pwopriyete vil la ki pi pwòp;
6. Fizyon Komisyon Kontwòl Achiv ak Achiv avèk Komite Referans ak Rechèch pou fè yo fè youn, epi
7. Pran fidbak nan menm rezidan yo sou kalite vi lokal la, ak distribisyon sèvis yo pou enfòme operasyon minisipal yo ak bidjè a.